Bhaibheri re vana

Rikukupai



Jesu anova nenguva yakaoma

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: M. Maillot; Sarah S.
Alastair Paterson
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Apo Jesu abhabhatidzwa, Mwari akati, "Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira." Mweya Mutsvene waMwari wakaburuka paari senjiva.




Ipapo Jesu akatungamirirwa naMweya Mutsvene kurenje kuti anoyedzwa. Jesu akanga ari ega.
3

Jesu akatsanya kwamazuva makumi mana. Zvichireva kuti akanga asingadyi chikafu. Naizvozvo, akava nenzara.
4

Bhaibheri rinoti kana mhuka dzomusango dzakanga dziripo.
5

Satani akauya kuzoyedza Jesu. Kare, akanga ayedza Adhamu naEvha kuti vasateerere Mwari mubindu reEdheni. Ikozvino, Jesu akanga acheyedzwa.
6

Satani akayedza mwanakomana waMwari, Jesu.
7

Satani akati, "Kana uri mwanakomana waMwari, rayira mabwe aya kuti ave chingwa. Akaziva kuti Jesu akanga ava nenzara." Akaziva kuti Mwanakomana waMwari anokwanisa kushandura mabwe kuti ave chingwa.
Jesu anga achateerera Satani here?
8

Kwete! Jesu haana kuteerera Satani. Akapindura neshoko raMwari. "Munhu haararame nechingwa bedzi, asi neshoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari."



9

Ipapo Satani akamutora akaenda naye kutemberi yokunamatira yakanga iri muguta dzvene reJerusarema. Zvino Satani akanga achida kuita sei?



10

Satani akati, "Kana uri Mwanakomana waMwari, zviwisire pasi, nokuti shoko rake rinoti vatumwa vake vachakubatsira."



11

Jesu akati, "Kwete! Kwakanyorwawo kuchinzi … 'Usayedza Ishe Mwari wako.'"

12

Satani akaedza zvakare. Akatora Jesu akaenda naye pamusoro pegomo refu kwazvo.

13

Achitaridza Jesu kubwinya kwese kwenyika, Satani akati, "Zvese izvi ndichakupa kana ukandipfugamira uye ukandinamata."

14

Jesu akati, "Ibva pandiri Satani!" Nokuti kwakanyorwa kuti … "Namata Ishe Mwari wako uye ushumire iye oga."



15

Ipapo Satani akamusiya. Chinhu chikuru chakaitika. Vatumwa vaMwari vakauya kuzomushandira nokumunyaradza. Jesu, Mwanakomana waMwari akanga asina kuteerera Satani.



16

Jesu anova nenguva yakaoma

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 4, Ruka 4

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

17

Magumo

38 60

18

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

19